

ABSTRAK

Tiara Isnain Putri (2026), Penguatan Karakter Disiplin Cara Diajar Peserta Didik Ngaliwatan Pangajaran Pendidikan Pancasila (Studi Kasus di Kelas XI SMA Negeri 12 Bandung).

Panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun mikanyaho palaksanaan pangajaran Pendidikan Pancasila dina ngawangun jeung nguatkeun karakter disiplin cara diajar peserta didik, halangan anu karandapan dina prosés ngabentukna, sarta upaya – upaya anu dilakukeun pikeun ngungkulan éta halangan di SMA Negeri 12 Bandung. Karakter disiplin cara diajar mangrupa sikép anu ditémbongkeun ngaliwatan katepatan waktos, taat kana aturan pangajaran, tanggung jawab dina ngaréngsékeun pancén, sarta kamampuh ngatur waktos diajar sacara teratur. Panalungtikan ieu ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode studi kasus. Subjek dina ieu panalungtikan ngawengku Wakil Kepala Sakola Bidang Kurikulum, guru Pendidikan Pancasila, jeung peserta didik. Téhnik ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan wawancara, observasi, jeung studi dokuméntasi. Hasil panalungtikan némbongkeun yén pangajaran Pendidikan Pancasila miboga peran anu penting dina ngawangun penting dina ngawangun jeung nguatkeun karakter disiplin cara diajar peserta didik ngaliwatan perencanaan pangajaran, palaksanaan pangajaran, sarta rupa-rupa kagiatan pembiasaan anu diterapkeun salila prosés diajar ngajar. Karakter disiplin anu muncul dina diri peserta didik katitén tina nunjukkeun katepatan ngaliwatan kahadiran kelas anu tepat waktu, patuh kana aturan diajar, ngaréngsékeun pancén luyu jeung waktos anu geus ditangtukeun, sareng ngatur waktos diajar kalayan leuwih teratur. Sanajan kitu, masih kénéh kapanggih sababaraha halangan anu asalna tina faktor internal jeung eksternal peserta didik, lingkungan sakola, lingkungan kulawarga, lingkungan babaturan sabaya, sarta pangaruh kamajuan téknologi digital. Pikeun ngungkulan éta halangan, guru jeung pihak sakola ngalaksanakeun rupa – rupa upaya ngaliwatan pembiasaan karakter disiplin, nguatkeun aturan sakola, pamekaran pribadi, koordinasi antarwarga sakola, sarta nerapkeun strategi pangajaran anu kreatif jeung kontekstual. Dumasar kana hasil panalungtikan, tiasa disimpulkeun yén Pendidikan Pancasila nyumbang kontribusi anu positif dina ngabentuk sareng nguatkeun karakter disiplin cara diajar peserta didik sangkan leuwih tartib, tanggung jawab, sarta tiasa ngatur kagiatan diajarna sacara langkung sistematis.

Kecap Galeuh: Disiplin Cara Diajar, Karakter Disiplin, Pendidikan Karakter, Pendidikan Pancasila.